For Performance Measurement

# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

**GRADE SEVEN EXAMINATION, SPECIMEN PAPER.**

## CHISHONA 704/1

**PAPER 1: Multiple Choice**

**SPECIMEN PAPER** **1 hour 30 minutes**

**Nguva: Awa rimwe nemaminitsi makumi matatu.**

**MIRAIRO KUVANYORI**

1. Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
2. **Usavhura** bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.
3. Shandisa penzura yemhando ye**HB** chete pane zvose zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
4. Kwizira **chibhokisi chimwe chete chinomirira** mhinduro sezvakaitwa pamucherechedzo uri pamusoro pebepa rokupindurira.
5. Kana waona kuti wakanganisa, **dzima zvipere zvose** wozokwizira pane mhinduro yakanaka.
6. Ukakwizira mabhokisi maviri kana kudarika unenge watadza.
7. Kana **usina kunzwisisa mirairo iyi, bvunza mudzidzisi** akutsanangurire usati watanga kunyora.
8. Pindura mibvunzo **yose** pabepa rekupindurira mibvunzo.

**Pepa iri rine mapeji gumi akanyorwa nemapeji maviri asina chinhu.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, SPECIMEN PAPER.
©ZIMSEC SPECIMEN PAPER

**[Enda kuseri]**

**VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA**

VaGwande vaive vagere mumumvuri wemumango vachidya zvavo mhandire ari masikati. Gumbo ravo rakange rakakuvadzwa nengoro rakange rakazvimba zvakanyanya. Kunze kwaipisa samare. Nyenze dzainzwikwa kurira dziri mumiti yeminhondo nemisasa yaiva yopfumvura. Mombe, mbudzi nemadhongi zvainetsana zvichida mumvuri pasi pemutsamvi waiva mumunda.

VaNzenza, mudzimai waVaGwande, vaive vachipisidzira bindu ravo kuti rirege kuzotsva kana kwaita moto. Havana kuziva kuti kunze kwaizoita mhepo yaizokonzera kuparirira kwemoto.

Mumusha mavo maGoredema, vanhu vaive vongopisa sora zvisina tsarukano. Iyi tsika yaiva yakonzera kuparara kwemiti, huswa nezvipuka zvesango gore negore. Vesangano rekuchengetedzwa kwenharaunda veEnvironmental Management Agency (EMA) vakanga vatombouya kuzodzidzisa vanhu zvakaipira kupisa masango.

VaNzenza vakatadza kudzima moto ndokubva waenderera. Moto wakapeperetswa nemhepo yakanga yasimuka ukavirima uchitungidza mapindu evamwe. Mapindu ese akatsva kuti rororo. VaNzenza vakaridza huhwi vachidaidza vavakidzani vavo kuti vazovabatsira.

VaGocha naVaNhau vakauya vari chahwiriri. Voruzhinji vakanga vari pamusangano wevarimi vakati dzvamu, vakananga kwaiva nemoto. Vakatyora masanzu vamwe vakanhonga migomo yaive pedyo vachichera mvura yekudzimura moto. Vechidiki ndivo vaitora jecha vachinodira moto uyu. Nenguva isipi, moto wakadzimurwa nemhomho yevanhu vaiva vauya.

Chakava chidzidzo kumunhu wese wemumusha kuti sora haripiswe. Dai pasina kuitwa chirwirangwe, zvinhu zvizhinji zvingadai zvakaparadzwa nemoto uyu. VaNzenza vatatenda vanhu vose nekubatirana pamwe chete kwavakaita ndokukumbira ruregerero.

**1.** VaGwande vaive vagere pai?

- **A.** Pasi pemuti wemutsamvi
- **B.** Mumumvuri wemumango
- **C.** Mumumvuri wemunhondo
- **D.** Pasi pemuti wemusasa

**2.** Chii chairira mumiti yaiva yopfumvura?

- **A.** Nyenze
- **B.** Madhongi
- **C.** Mombe
- **D.** Mbudzi

**3.** Zvipfuwo zvipi zvataurwa mundima?

- **A.** Mombe, mbudzi nemadhongi
- **B.** Nyenze, mbudzi nemadhongi.
- **C.** Mombe, nyenze nembudzi.
- **D.** Madhongi, nyenze nemombe.

**4.** Chii chakatsva mundima iyi?

**A.** Mapindu
**B.** Minhondo
**C.** Masanzu
**D.** Misasa

**5.** Vanhu vakashandisei kudzimura moto?

**A.** Masanzu, matanda neutsi.
**B.** Masanzu, mvura nejecha.
**C.** Jecha, migomo nemiti.
**D.** Huswa, masanzu nemisasa.

**6.** Chii chakakonzera kuti moto uenderere?

**A.** Huswa
**B.** Mhepo
**C.** Mapindu
**D.** Miti

**7.** Kubva mundima ndezvipi zvinoratidza kuti VaNzenza vakanga vakanganisa kupisa mapindu evamwe?

**A.** Vakakumbira ruregerero
**B.** Vakapisa mapindu ese
**C.** Vakaridza huhwi
**D.** Vakatyora masanzu

**8.** VaNzenza vakadeedza ani kuzodzimura moto?

**A.** Murume wavo
**B.** Vavakidzani vavo
**C.** Vechidiki vese
**D.** Vesangano rekuchengetedza nharaunda

**ZADZISA NEZWI RAKAPERETERWA ZVAKANAKA**

**9.** VaGwande vaiva vagere_____

**A.** mumubvuri.
**B.** mumuvuri.
**C.** mumumvuri.
**D.** mumuvhuri.

**10.** Zvirimwa zvavaNzenza _____ nemoto.

**A.** zvakagochwa
**B.** zvakagotya
**C.** zvakagoshwa
**D.** zvakagoswa

**PEDZISA NEZWI RAKAKODZERA**

**11.** Mapindu akatsva kuti

**A.** mbuu.
**B.** ware.
**C.** rororo.
**D.** bvuu.

**12.** Moto wadzimwa nevanhu

**A.** ava.
**B.** imi.
**C.** ivo.
**D.** isu.

**ZADZISWA NEZWI RAKAKODZERA**

**13.** Mwana _____ kuchikoro nezuro.

**A.** akaenda
**B.** achaenda
**C.** anoenda
**D.** aenda

**14.** Gocha _____ kubva kuHarare mangwana.

**A.** akauya
**B.** auya
**C.** achauya
**D.** atouya

**VERENGA MHAN'ARWA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA**

**ZUVA** **28 Zvita 2019**

**KUNA** **VaToro Mukuru Wechikoro**

**NZVIMBO** **Mhute School**

**MUSORO** **Zuva Rakakuvara Mumwe Mwana**

Ini semukuru weboka renhabvu repano pachikoro, ndayorawo mhan'arwa yangu kwamuri ndichitsanangura makuvariro akaita Zondai Guri, mumwe wedu wechikwata.

Taiva taenda panhandare yepaNyamhara kunotamba nhabvu yeushamwari nevadzidzi vepachikoro cheMupfuta. Mufaro wataiva nawo waizadza mukombe. Dzaiva nguva dzemadziyamushana patakatanga mutambo uyu. Munhu wose aiva nechidakadaka chekuti chikoro chake chibudirire saka vatambi vaitamba nemoyo wese.

Muchikwata chedu maiva nevakomana vana vaitamba nehunyanzvi hunomwisa mvura. Kudzai, Tonhorai, Kumbirai naMazano vaimhanya nekunzvengesa bhora zvekuti pamwe pacho vanhu vaisara vakati kanha.

Muchidimbu chekutanga chemutambo hapana kana dambudziko rakaitika uye muzvinapembe, VaGonzo, vairidza pembe yavo nemazvo. Tave muchikamu chechipiri vadzidzi vepaTogarepi, vakasvikawo kuzoona nekutsigira chikwata chepaMupfuta. Paive pasina chakashata asi vakazotanga kunyomba pamwe nekukanda mateko emaranjisi nemabhanana munhandare.

Muzvinapembe akaedza kuvatsiura asi vakaisa zvimiti munzeve. Mukuita uku, mumwe mukomana wepaTogarepi akatema Zondai nebhodhoro rechinwiwa mumusoro akakuvara zvakaipisisa. Nechimbichimbi muzvinapembe akamisa mutambo, vanoona nezvevakuvara kuvatambi vakatakura mukomana uyu vakamumhanyisa kuchipatara uko akanorapwa.

Mukomana wekumutema uyu akabatwa akaendwa naye kuchikoro kwavo kuti anorangwa zvakakodzera. Ndanyora kuti muzive zvakaitika uye muyambire vadzidzi kuti vasapinde nemwenje mudziva kana vari pamitambo.

Munyori

Kudakwashe Rugare

**15.** Mhan'arwa iyi yakanyorerwa ani?

**A.** VaGonzo
**B.** VaToro
**C.** VaGuri
**D.** VaTonhorai

**16.** Zondai akakuvara achiitei?

**A.** Achitamba nhabvu
**B.** Achitemwa namateko
**C.** Achiita chidakadaka
**D.** Achimhanyiswa kuchipatara

**17.** Ipa mazita matatu evatambi vanzi vaitamba nehunyanzvi?

**A.** Kudzai, Togarepi naRugare
**B.** Tonhodzai, Mazano naGonzo
**C.** Mazano, Zondai naKumbirai
**D.** Kumbirai, Kudzai naTonhorai

**18.** Mutambo uyu wakatambirwa panhandare ipi?

**A.** YepaNyamhara
**B.** YepaMhute
**C.** YepaMupfuta
**D.** YepaTogarepi

**19.** Vatambi vaiita sei kuratidza kuti vaida kuti zvikoro zvavo zvibudirire?

**A.** Vaimhanya nekunzvengesa
**B.** Vaitamba nemoyo wese
**C.** Vakaisa zvimiti munzeve
**D.** Vaitamba nehunyanzvi hunomwisa mvura

**20.** Ndiani akanyora mhan'arwa iyi?

**A.** Tonhorai
**B.** Kudzai
**C.** Kudakwashe
**D.** Zondai

**21.** Vadzidzi vepaTogarepi vakauya munguva dzipi dzezuva?

**A.** Nguva dzemadziyamushana
**B.** Muchikamu chechipiri
**C.** Muchikamu chekutanga
**D.** Nguva yakakuvara Zondai

**22.** Munyaya iyi ndiani airidza pembe?

**A.** VaGonzo
**B.** VaToro
**C.** VaRugare
**D.** VaMazano

**ISA MAZWI AKANYORWA NAMAVARA MAKURU MUUSHOMA**

**23.** ZVIKWATA zvaiva pamutambo zvakaita mangange

**A.** Zvikwata
**B.** Chikwata
**C.** Makwata
**D.** Gwata

**24.** Pakakuvara Zondai VABEREKI vake vakagumbuka zvikuru.

**A.** Mubereki
**B.** Mabereki
**C.** Vabereki
**D.** Bereki

**DUDZIRA ZVIRAHWE ZVINOTEVERA**

**25.** Mutumba unorira usina ura.

**A.** Ngoma
**B.** Hosho
**C.** Gitare
**D.** Mbira

**26.** Tsvimbo nyoro mugwenzi.

**A.** Zongororo
**B.** Mago
**C.** Nyoka
**D.** Shiri

**IPA MHINDURO YAKAKODZERA**

**27.** Vanhu vanoera nzou chidawo chavo chinonzi

**A.** Madyirapanze
**B.** Samanyanga
**C.** Chirandu
**D.** Hungwe

**28.** Hwahwa hunobikirwa pai?

**A.** Mugate
**B.** Muhodzeko
**C.** Mushambakodzi
**D.** Muhwedza

**VERENGA HURUKURO IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA**

Kumbirai naTatenda vakaita mahwekwe munzira vachienda kuchikoro kwavo kwaGumboreshwa, vachibva kwaMugoti.

Tatenda: Mhoroka Kumbirai hanzvadzi yangu.

Kumbirai: Wakadii hako mwana wetsoko? (Achiseka).

Tatenda: Ndinofara. Mazuva maviri apfuura handina kukuona kuchikoro. Waiva waendepi Chipiri neChitatu?

Kumbirai: Ndairwadziwa nemudumbu nemusoro zvakanyanya. Pamwe pacho ndaitomborutsa nekuchaya.

Tatenda: (Achikahadzika) Ko, waiva waitwa sei?

Kumbirai: (Anokwenya musoro) Pekutanga handina kuziva zvikonzero asi zvakatozobuda pachena ndaenda kuchipatara chepaMunyati padyo nepaMachoto.

Tatenda: Vakatii?

Kumbirai: Iwe, kusaziva kufa. Ndakaudzwa kuti musoro kwaiva kushomeka kwemvura mumuviri uye mudumbu munova maikonzera kurutsa imvura isina kuchena yandakanwa. Zviya zvokuti mvura haina n'anga zvakashaya basa.

Tatenda: Yowee! Inga zvinototyisa. Iyo mvura yemumugodhi menyu here?

Kumbirai: Hongu yakanzi inoratidza kuti ine hutachiwana hunowanikwa kubva mutsvina inofamba nemuvhu.

Tatenda: Ko mumuviri mvura yakapera nei?

Kumbirai: Mvura ini ndaiti ndikanwa komichi imwe chete duku pazuva ndototi yakwana. Vakati ndofanira kunwa marita anosvika maviri kana kudarika pazuva roga roga.

Tatenda: (Anoramba akashama muromo sedahwa) Inga zvakaona, kudzidza hakupere.

Kumbirai: Zvatatosvika pachikoro! Handiti iwe semusikana unombotanga waenda kunotora mabhuku kuhofisi yaMai Kusina woendesa kuimba yokudzidzira svomho (Achiseka zvake).

Tatenda: Mukomana kana musikana anogona kunotora mabhuku chero akurumidza kuuya kuchikoro.

Kumbirai: Ndinozviziva, ndanga ndichitamba hangu newe.

Vanoparadzana voenda mudzimba dzavo dzokudzidzira Gwaro reChinomwe.

**29.** Vari munyaya vakasangana pai?

**A.** Munzira
**B.** Kuchikoro
**C.** Kuchipatara
**D.** Mumugodhi

**30.** Ipa zuva rimwe chete revhiki rataurwa munyaya iyi.

**A.** Muvhuro
**B.** Chipiri
**C.** China
**D.** Chishanu

**31.** Chii chaikonzera kurwadza kwemusoro waKumbirai?

**A.** Kushomeka kwemvura mumuviri
**B.** Kusachena kwemvura yaakanwa
**C.** Kuchaya kwaakaita
**D.** Kurutsa kwaakaita

**32.** Munyaya iyi mataurwa vanhu vangani?

**A.** Vaviri
**B.** Vatatu
**C.** Vana
**D.** Vashanu

**33.** Ndechipi chipatara chataurwa mundima iyi?

**A.** Machoto
**B.** Gumboreshwa
**C.** Munyati
**D.** Mugoti

**34.** Munyori ainwa mvura yakawanda zvakadii pazuva?

**A.** komichi imwe chete
**B.** komichi mbiri chete
**C.** marita maviri
**D.** marita matatu

**35.** Vana vaikurukura vaiita gwaro rechingani?

**A.** Rechinomwe
**B.** Rechitanhatu
**C.** Rechishanu
**D.** Rechina

**36.** Kumbirai akazoziva sei zvaimurwarisa?

**A.** Akazoziviswa kuchikoro.
**B.** Akazoziviswa kumugodhi.
**C.** Akazoziviswa kuchipatara.
**D.** Akazoziviswa kun'anga.

**IPA IZWI RINOREVA ZVIMWE CHETE NERAKANYORWA NAMAVARA MAKURU**

**37.** Kumbirai AKASHAMISIKA nenyaya yaakaverenga

**A.** akanakidzwa
**B.** akatyiswa
**C.** akavhundutswa
**D.** akakatyamadzwa

**38.** Pachipatara cheMunyati paiuya VATENDA vakawanda.

**A.** vakoti
**B.** varwere
**C.** vatendi
**D.** vanhu

**ZADZISA PAKASHAMA NENYAUDZOSINGWI YAKAKODZERA**

**39.** Mvura yakanwiwa naTatenda yaiva yakati ____ kuchena seyaiswa mukaka.

**A.** ngwerewere
**B.** tsvaa
**C.** ndoo
**D.** piriviri

**40.** Mwana akasvikoti komichi _____ parukuva achibva aenda kunotamba.

**A.** dhii
**B.** dwaa
**C.** gaa
**D.** tsvee

**BLANK PAGE**

**BLANK PAGE**